ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕ ХЕКIЫП

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№№61-62 (21.220) ● 2008 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 29, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Цыхум и хуитыныгъэхэмкIэ лIыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм 2007 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуауэ ищIа докладым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ лIыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ Зумакулов Б. М. 2007 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуауэ ищIа докладым едэIуауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ешI:**

ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ лIыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм 2007 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуауэ ищIа докладыр къэлытэгъ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм гъатхэпэм и 20-м
№1396-II-П

(Зумакулов Борис щIа докладыр 2-нэ нап. итщ).

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и органхэм я лэжьакIуэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хьэкъкIэ ахъшэ зратхэм я улахуэм хэгъэхьуэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2008 гъэм гъатхэпэм и 26-м *№49-ПП*

«Дзэ къулыкъущIэхэмрэ гъэзэщIакIуэ властым и язныкъуэ федеральнэ органхэм я лэжьакIуэхэмрэ я улахуэм 2008 гъэм хэгъэхъуэным и Iуэхукlэ» 2008 гъэм щIышылэм и 31-м Урысей Федерацэм и Правительствэм къыдигъэкIа Унафэ №35-м тету икIи Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и органхэм я лэжьакIуэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хьэкъкIэ ахъшэ зратхэм защIэгъэхъуэным мурадкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ешI:**

1. Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и органхэм я лэжьакIуэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хьэкъкIэ ахъшэ зратхэм кIуэлыкъкIэ кьахь улахуэхэмрэ кIуэлыкъуэкIэ яI эвзаниехэм япэкIуэ улахуэхэмрэ 2008 гъэм мазаем и 1-м щыщIэдзауэ хуэдэ 1,09-кIэ, 2008 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м щыщIэдзауэ хуэдэ 1,09-кIэ Улахуэхэм щыхагъахьуэкIэ ахъшэ жьгъейр сомым нэсу нэхьыбэ ящI.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансэмкlэ и министерствэм (Бышэн А.А.) хуэгъэувын мы Унафэр гъэзэщIэным пыщIауэ зыхуеину ахьшэр 2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым «Лъэпкъ шынагъэ ушагъэмрэ хабзэхьуэ лэжьыгъэмрэ» и Iыхьэм «къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ органхэр» и Iыхьэ къуэдзэм къыхэкIыу яхунутIыпщынкъ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl ЯРИН Андрей.

Урысей Ипщэм и Парламент Ассоциацэм и зэIущIэр КъБР-м щекIуэкIащ

ГъАТХЭПЭМ и 27-м Iуащхьэмахуэ лъапэ щызэхэтащ Урысей Ипщэм и Парламент Ассоциацэм Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмрэ парламент зэпыщIагъэхэмкlэ и комитетым и зэIущIэ. Абы кьрихьэлIащ Ипщэ Федеральнэ округым хибудэ щIыналъэхэм законкэр къыдэзыгъэкI я органхэм я лIыкIуэхэр.

Парламентархэр УФ-м и Президентым и деж Лъэпкъ политикамкlэ жьлагъуэ совет къышцIэзгъэпэщыным хэпльащ, Адыгэ Республикэм бзитIкIэ зэрыщIрагъаджэм, Iуэху зэрыщIэзэрахьэм зегъэужьыным теуху докладым едэIуащ. Апхуэдэу зэIущIэм щIэхэплъащ 2008 гъэм комитетыр зэрырлажьэну планым.

БАТЫР Любэ.

● Абхъаз Республикэр хунт зэрыхъужрэ илъэс 15 мэхъу

ЗэIущIэ нэужым. Ижьымкlэ къыщыщIэдзауэ: Багъэпщ Сергей, Хьурей Феликс, Кокойты Эдуард, Вэрокъуэ Владимир.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Псоми я текIуэныгъэ

Гъатхэпэм и 27-м Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ я президентхэу Багъэпщ Сергейрэ Кокойты Эдуардрэ Налшык щыIащ. КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщl Къажэр Альберт и гущ сэу абыхэм уэз гъэгъакэр Абхъазым и утым щыгъэлъхьащ а республикэм и щхьэхуитыныгъэм щIэбэну екIуэкIа зауэм хэкIуэдахэм папщIэ ягъэзыва фэеплъым. Мы Iуэхум хэтащ зауэм хэкIуэдахэм я адэ-анэхэмрэ ди республикэм и жылагъуэ дэжьакIуэхэмрэ. Итланэ хьэщIэхэрэ хэгъэрейхэрэ ирагъэбэлэгащ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым.

- ДИ НЫБЖЬЭГЪУ лъапIэ хэ, си гуапэщ фи Iуэхухэр къэвгъанэу фыкьыдэзрыдзэхуэгъэ, - Абхъаз щIыналъэм и тхьэмадэ Багъэпщ Сергей захуигъэзащ а республикэм и хуитыныгъэм зи псэр щхьэгъэзыкъ хуэзыщIа щIалэ хахуэхэм я адэ-анэхэм. - Мы гъэм ди текIуэныгъэр илъэс 15 ирокъу. Нэхьыбэу дгъэлъапIэнур текIуэныгъэракъым, атIэ ди лъэпкъым дамэгъу кьыху зхъуу, кьыткъ уэту, "ди псэр" жамыIу зауэм зи щхьэр хэзылъхьа, нобэ кьытхэмытыж ди къуэшхэмрэ ди шыпхъухэмрэщ. Ахэр дигу къэдгъэкIыжы-нущ. Мы текIуэныгъэр псоми дыдейщ. Мыбдеж кьеныгъэIа анэхэм фIыщIэ фхузощ я щIыналъэр фIыуэ я яльагъуу, къуэлыр зищIысыр ящIэу, щыху нэс у фи бынхэр зэрырэгъэсам папщIэ. Анэм и нэпсыр зэрыпхуэгъэгъущын щыIэу кьыщIэкIынкъым. Фэ кьытхуэфщIар зыхэзыщIыкIын, ар гулыгъэнIэ зымыщIын лъэпкъыу дэри дыкьэнэну сыщогугъ. Зауэм текIуэныгъэр кьыщытхъащ, иджы мамырыгъэр зыIэщIэдгъэкIынкIэ Iэмал зимыIэщ. Апхуэдэу фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейт Осетие Ипщэм и тхьэмадэ Кокойты Эдуард. Ар Iэщ Iэщlэлъу ди хуитыныгъэр зыхъумахэм яхэташ икIи КъБР-м сыкьэкIуэну зэрызыгъэхьэзырыр кьыщIыщIэм, гъуэ кьыскуэхьуащ, кьыв эпсэльэну, кьыфхэ ятыну гукьыдэж иIэ у,-жиIащ Багъэпщ Сергей.

- Абхъаз,осетин лъэпкъхэм кьабгъэдэкIыу фIыщIэ фхузощ Кавказ лIыкъужьхэм я адэ-анэхэм. Ди гуащIэри ди Iэщэри - ди зэхэщIыкIэращ. Абы и щыхьэтщ илъэс 15-кIэ уэлэбэжьыкмэ ди нэгум щIэкIа псор. ДызэрыщIэн, дызэрыгъын папщIэ дяку дадэ гъэзуанэшхуэмрэ кьурш лъагэхэмрэ зэи зэран кьытхуэхьуфынукъым. Ди нэгу щIэкIа гуIэгъуэм кьызэрытримыгъэзэжы-ным иужь дитынщ. Дэ дыхуейкьым анэхэм Iэльэщ фIыцIэ щызэтралхьэ зы Iэхуэгъуи, - жиIащ Осетие Ипщэм и тхьэмадэ.

Кьекlуэлахэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ Кавказ лъэпкъхэм я конфедерацэм и тхьэмадэу щыта Щэнхабзэ Юрэ, усакIуэ, тхакIуэ Нало Заур, генерал-лейтенант Соснолы СультIан, абхъаз щIыхубзхэм я зэгухьэныгъэм и гуащэ Чумагуа Лалэ, Абхъаз зеладиныкомпаниеи и унафэщI Асикуб Гурам, къэрыгъэтщIэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Къуршэ Валерэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Бизнесымкlэ и институтым и ректор Хьурей Феликс, зауэм хэкIуэдахэм я адэ-анэхэм щыщхэм.

Зэ Iуэщ Iэ ирагъэкIуэкIащ Абхъаз Республикэм и Президентым и лIыкIуэу КъБР-м щыIэ ЕгъэнИбрэхьимрэ Абхъаз зеладиныкомпанием и журналист Ашубэ Сырмэрэ. Абхъаз зауэм хэкIуэда лIыхъужьхэм хуауса уэрэдхэр жаIащ уэрэджьакIуэ ныбжьыщIэ Мукбэ Хиблэрэ Осетие Ипщэм щIыхь зиIэ и артист Джой Ибрэхьимрэ.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№№61-62 (21.220) ● 2008 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 29, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Пшыхьхэр

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ЕфIакIуэ, балъкъэр лъэпкъ!

Налшык дэт Музыкэ театрым гъатхэпэм и 27-м щекIуэкIащ балъкъэр лъэпкым и къэшIэрэщIэжьыгъэм и махуэм иращIэкIа концерт дахэ. Абы кьрихьэлIат КъБР-м и Правительствэм, Парламентым, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лIыкIуэхэр, адыгэ, балъкъэр лъэпкъ интеллигенцэр. Концертыр ирагъэкIуэкIащ Къумахуэ Мухьэдин, Гулиев Магомед, Гумэ Маринэ сымэ.

ПШЫХЬЫР кьызэIуахащ «Кабардинка» къэрал академическэ, «Балкария» IуэрыIуатэ-этнографие ансамблхэм зэгъусэу ягъэзэщIа къафэкIэ.

Концертым хэтащ балъкъэр уэрэджьакIуэ цIэрыIуэхэу Газаев Алим, Малкаров Маратэ, Тепшеев Алим, Жабоев Арсен, Жашуев Башир сымэ. Ди кьуэщI лъэпкъым и гуфIэгъэуэр даIыгъащ уэрэджьакIуэхэу Батыр Мухьэдин, Хъупсырджэн Албэч, Сокъур Ольгэ, Шэрджэс Iэсият, Зеущэ Iуэес, Тхьэгъэлэдж Светланэ, Хьыжьокъуэ СультIан, Ракитинэ Иринэ, артист ныбжьыщIэхэу Къэбардокъуэ Зухра, Хьэкъун Ильбэм, КъБКъУ-м и «Калистэ» къэфакIуэ гупым, «Тэрч къэзакъэр» ансамблым, Налшык дэт Сабий творчествэмкIэ унэм и къэфакIуэ гупым.

БЛИЙ Даянэ.

Тут Заур фIыщIэ къыхуащI

● Хъыбарыф!

Иджыблагъэ Москва щекIуэкIащ УФ-м Щэнхабзэмрэ щыхуэбэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэм Щэнхабзэмкlэ зэзыгъэуIу и советым и зэIущI.

АБы ХЭТАХЭР мажущкIэ тепсэльыхьащ министерствэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэм, законкэр къыдигъэкIынымкIэ зэрIуплъэкIыпхъэхэм я планым, «Урысейм и щэнхабзэ (2006 - 2010 гъэхэм)», «2010 гъэм нэсыху къуажэм игъуэтыну социальнэ зыужьныгъэр» федеральнэ программэ хэхаха-хэр зэгъэзэхуэжьынымкIэ проектым.

ЗэзыгъэуIу советым и зэIущIэм и лэжьыгъэм хиубыдэу Урысей Федерацэм щэнхабзэмрэ цIыхубз хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министр Соколов Александр КъБР-м щэнхабзэмрэ цIыхубз хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министр Тут Заур фIыщIэ кьыхуищащ и лэжьыгъэм зэрыкъуэдзэм, щэнхабзэм зегъэужьыным куэд зэрыхихщIыхьам папщIэ.

ЧЭРТЫ Ольгэ.

МафIэм и Iуэжь

Мэхъэчкьалэ и гъунэм щыIэ щIыдагъэ хъумащIэм кьыщIэна мафIэр ягъэункIыфIым гугъуехьыщхъэ щылъащ.

Абы щахъумэрт щIыдагъэ тонн минИ 7-м нэс. Кумбыгъэхэм ящыщ зыр кьуэщI. Ар, IэщIагъэлIхэм кьызэралыдтэмкIэ, кьыхэкIащ Iуэхущlапlэм и лэжьакIуэхэм яIэщIэкIа щыуагъэм. Зы щIыхубз фэбжь хьалъэ тельу сымаджэщым ящащ. МафIэм эрамыгъэубгъун яхуэфIэкIащ. Абы и Iуэхуэр мыгувэу ягъэкIуэдыжьынущ.

ЕплIанэ удын

Осетие Ипщэм и прокурор Хугаев Таймураз ящкIыну хэтащ.

Абы и автомобилым ирагъэкIа лагъымым тротил грамм 300 и кьарут. А зэманым езы прокурорыр автомашинэм исакъым. Фэжь хьэлъэхэр игъэтащ прокурорым и лэжьягъу щIыхубзым. Ар Iуэхукlэ Хугаевым и авто- мобилымкIэ зы щIыпIэ кIуэрт.

Хугаевыр ящкIыну я мураду кьращIахэм мыр еплIанэщ. Осетие Ипщэм и властхэм кьалытэ ар лъэныкъуэ езыгъэшIу хэтхэр Куржым и щхурылажьэ Iуэхущlапlэхэм я лэжьакIуэхэр арауэ.

Куржым и судым

къэрадым зыхъумэжьыныгъэмкIэ и министру щыта Окруашвили Ираклий тезыру гриалъхьащ илъэс 11-кIэ лъхуэнущ ящIу.

Ар ягъэкъуэншэ щIэпхьаджагъэ зэмылIэужьыгъуэ дыдэхэр зэрызэхищIыхьамкIэ. Арщхьэкlэ суд зытращIыхьар мы зэманым Куржым и щIыналъэм щыIэкъым: ар Франджым зэрыIэпхьуэрэ куэд щIащ икIи и мурадщ абы политикэ щтапIэ ихьэжам и хуитыныгъэ кьаIырихыну.

Чэзуэр щIыззэтрехьэ

Иджыдэлым и кьаIапхьэ Лондон и Хитроу аэропортым и зы Iуэхущlапlэ иджыри кьыхэзыIуахащ.

Iуэхуфl хуэдэт, арщхьэкlэ цIыхухэр абы щыгуфIыкIакъым. ЛъэтапIэ-къэтIысыжьапIэр техникэщIэ дыдэкIэ кьызэгъэпэщами, аэропортым и унафэщIхэм куэд яIэщIэгъэупщIыкIащ. Япэрауэ, гъунэгъуэ автомобиль гъэувыпIэхэр ящыкъыкIащ. ЕтIуанэрауэ, чэзуэхэр щызэтрехьэ. Ещанэрауэ, уеблэмэ шей ущефэн щIыпIэ иIэкъым.

Аргуэру кьаугъэ

Нидерландхэм щагъэлъагъуэ исльамым и бий «Смуга» фильмыр. Виллерз Герд игъэува а картинэм дуцIйм щалэжь террорист щIэныкъуэджагъэ псомкIи игъэкъуащIр муслымэнэращ.

Щэч хэлькъым иужьрейхэр мы фильмым хуабжьу кьыззэригъэубгьыныр. Кьаугъэр триПэщIэм мурадкIэ, къэралым и премьер-министр Балкеленде жиIащ фильмыр зыхуэгъэза и гупсысэмкIэ зэрымыарэзыр. Правительствэм и упчIэм кьыхихъэщIхьэхукIащ дунейм тет мусльмэнхэм я нэхьыбэ дыдэр мамырыгъэм, фIым я тельхьэу кьызэрильытэр.

Зи жапIэр зрагъэхъуэжа псыхэр

Псоми дощIэж СССР-м и зэманым Сыбырым и псыхуэхэм я жапIэр ирагъэхъуэжыну мурад зэраIар. Абы и щхьэусыгъуэр уэгъуэр щхъ ныета щIыпIэхэр псыкIэ ятIэщIыпIыкIат. Арщхьэкlэ, Iуэхум тэмэму егупсыри, ащхуэдэ мурад мыхъумыщIэм къыпыкIауэ щытащ.

Китайм мы Iуэхум илъэс 50 хъуауэ щолэжь. Мао Цзэдун и зэман къандэрэ яухуэ къэралым и ипщэ лъэныкъуэм икIыу ищхъэрэкIэ псы зэрагъэкIуэну кIэнауэхэр. Ахэр нэпкъхэм кьыдашын хуейщ насос лъэщ дыдэхэм. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Монгол КIуэцIым, Цзинхай щIыналъэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм псы зэрыкIуэ кIэнауэ минхэр яльэIэсынущ.

ПсэупIэщIэхэр

УФ-м ЗыхъумэжьныгъэмкIэ и министерствэм и мураду Калининград щагъэунэхуу щыIэ зауэлI кьалэ щыкIу хьэфIадзэжахэм ящыщу 20-м хуэдиз кьыщIэупщIэхэм яринэну.

Ахэр зэрагъэпэщажмэ, цIыхухэр зыхуей псори ягъэуту щыпсэу щIыпIэ хьэ-

ПлIэнтэр лъхъэхъэгъэр ШАЛ Мухьэмэд щIа.

ЛЪЭПКЪ IУЩЫГЪЭ:

Гъатхэр уафэзэхъуэкIщ.

● Гу зылъытапхъэ

2008 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м КъБР-м и Музыкэ театрым щызэхьыхьнущ Урысей Федерацэм и щыхуэ артист Тlыхъужь Алий и цIэкIэ комедием хуэIэзэ артистхэм гъэ кьэс ирагъэкIуэкI щIыналъэ зэпеуэм и лауреатхэм я фестиваль. Абы кьрихьэлIэнущ елэжьа илъэсхэм мы зэпеуэм щытекIуауэ щытахэр, ауаныкъэ гушыIэхэмкIэ щIэрыIуэ артистхэр, эстрадэм и артист нэхъ Iуэхэр.

Фестивалым щыщIидзэнур сыхьэт 18-рэ дакьикIэ 30-рщ.

Фыпсалъэ хьунущ 77-42-08, 47-36-50 телефонхэмкIэ.

● Узынщагъэ

Зыхуей хуагъазэ

Щэрэдж куейм и сымаджэщхэмрэ поликлиникэхэмрэ иджырей медицинэ, лабораторэ Iэмэпсымэу com. медуан 15-м ирелъэгъу я кьаIэрыхьащ.

АХЭР ягъэувын и пэ зы пэщи кьаГъэнакъым зэрамыхьэ у зыхуей жамыгъаззу. Ку ейм и сымаджэщхэм я Iуэхур фIыуэ зэрызэтеувам и щIыхьэтщ ильэсыщIэм дызэрыпсэхэрэ докутырэм я Iуэхутхьэбзэм хуэныкъуэхэм я бжьыгъэ процент 2-кIэ нэхъ мащIэ зэрыхъар. Республикэпсо диспансеризацэм районым и жылагъуэ псорн кьыхэщIрагъэувыдащ. Псом хуэмыдэу лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкIащ кьалэ сымаджэщхэм пэщIэщу псэу бгыпIэ жьлагъуэхэм. Кьа рэсу жьыпэм щыпсэум и процент 95-м (ар цыху 400 нос) я узынщагъэр кьапщIащ икIи нобэ зыгъэубгъуэ гулъынтхуэ, кьупщхьэ зэрыпыпIэ, шхалъэ узыкрэхэр зыпкърытхэр кьагъэуэтащ.

ЛЪОСТЭН Муэз.

Истамбыл Адыгэ Хасэр илъэси 100 ирокъу

● Нобэ

Тырку Республикэм щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я Зэгухьныгъэм (Кафдер) и тхьэмадэ Гугъэжь Джихьэн, Истамбыл дэт Адыгэ Хасэм (Баларбаш хьэблэ) и тхьэмадэ Изгъуей Яшар сымэ я деж

2008 гъэм гъатхэпэм и 29-м илъэсищэ ирокъу Истамбыл Баларбаш хьэблэм Адыгэ Хасэ кьызэрыщыдзэрагъэпэщэр. Ар зи жэрдэмар хэкум икIауэ щыта адыгэхэмрэ абыхэм я щIэблэмрэщ. Илъэсищэм и кIуэцIкIэ Хасэм куэд илажьащ адыгэхэр щIэныгъэм, зыужьыныгъэм кьыщIэтэтэджэныкIэ, адыгэбзэр, лъэпкъ щэнхабзэр, лъэпкъым и хабзэхэр хьумэ хъунымкIэ, абыхэм зегъэужьынымкIэ.

Араш Хасэр ноби зытелажьэр, и къарурии и зэфIэкIри зыхуэунэтIар. Дэ сыт щыгъуи ди гуапэщ зи ужь фит Iуэхуэр нэхъри ефIакIуэмэ, ди лъэпкъым кьыпэщыт кьалэн инхэм щIэблэр кьыщIэвгъэтаджэмэ.

ФIыгъуэ кьытхудрекIуэ фи лэжьыгъэм, фи гуащIэм нэхъри зреубгъу. ФхуэзэфlэкI псори адыгэ лъэпкъым зэрыхуэвлэжьым щыжькIэ фIыщIэ ин кьыфхуащI Хэкум ис фи лъэпкъэгъуэхэм.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ДЗЭМЫХЬ Кьасболэт.**
Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд.**
Адыгей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **КIЫРГЪ Iэсхьэд.**
Шэрджэс Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ГУРЫГЪ Хьызыр.**
Мэздэгу Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **КЪУН Николай.**
Шапсыгъ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **КIЭКIЫХЪУ Мэжид.**
Ермэлыкъалэ (Армавир) Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ШЫКУЭ Асльэн.**
2008 гъэ, гъатхэпэм и 28.

■ ЗэIущIэхэр ■ Исльамым и нур

КЪЭБЭРДЕЙ

■ ТВ, радио нэтыхэр ■ Щэбэт кьыдокIыгъуэ ■ Малъхъэдис

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Бахьсэн кьалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьулыкъым ягъэувынур кьыхэхьныжьмкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэжьыну комиссэм хэтхэр гъбелджьылым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм щIыпIэ самоуправленэ кьыщызэгъэпэщыныжьмкIэ псоми яхуэгъэзэ хабзэхэм я IуэхуэкIэ» Федеральнэ законым и 37-нэ статьям и 5-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымунафэ ещI:

1. Бахьсэн кьалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьулыкъым ягъэувынур кьыхэхьныжьмкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэжьыну комиссэм хэтхэр гъбелджьылым:

Власов Александр Алексей и кьуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм кьэрал кьулыкъым, кадрхэм, щIыпIэ самоуправленэм я IуэхуэхмкIэ и управленэм и унафэщIыр

Къуэшырокъуэ Залым Къэрщей и кьуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ суд органхэмрэ я деж щыIэр

Мэремыкьуэ Сэфарбий Хьбас и кьуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпныжьмкIэ и комитетым и унафэщIым и кьуэдзэр

2. Кьару имыIэжу къэлытэн «Бахьсэн кьалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьулыкъым ягъэувынур кьыхэхьныжьмкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэжьыну комиссэм хэтхэр гъбелджьылым и IуэхуэкIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2006 гъэм мазаем и 22-м кьыщта Унафэ №736-II-П-м.

3. Мы Унафэр щIыпIэ самоуправленэм и Бахьсэн кьалэ Советым егъэхьын.

4. Мы Унафэм кьару егъуэт ар кьыщащта махуэм щыщIэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм гъатхэпэм и 20-м
№1362-II-П

Прохладнэ кьалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьулыкъым ягъэувынур кьыхэхьныжьмкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэжьыну комиссэм хэтхэр гъбелджьылым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм щIыпIэ самоуправленэ кьыщызэгъэпэщыныжьмкIэ псоми яхуэгъэзэ хабзэхэм я IуэхуэкIэ» Федеральнэ законым и 37-нэ статьям и 5-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымунафэ ещI:

1. Прохладнэ кьалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьулыкъым ягъэувынур кьыхэхьныжьмкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэжьыну комиссэм хэтхэр гъбелджьылым:

Бутюрс Рольф Эдвин и кьуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр, «Кавказкабель» кабель завод» акционер обществэ зэхуэщIам и генеральнэ директорыр

Власов Александр Алексей и кьуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1ым и кьуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм кьэрал кьулыкъым, кадрхэм, щIыпIэ самоуправленэм я IуэхуэхмкIэ и управленэм и унафэщIыр

Къуэшырокъуэ Залым Къэрщей и кьуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1ым и кьуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ суд органхэмрэ я деж щыIэр

Мэремыкьуэ Сэфарбий Хьбас и кьуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпныжьмкIэ и комитетым и унафэщIым и кьуэдзэр

2. Кьару имыIэжу къэлытэн «Прохладнэ кьалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьулыкъым ягъэувынур кьыхэхьныжьмкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэжьыну комиссэм хэтхэр гъбелджьылым теухуауэ №851-II-П-м.

3. Мы Унафэр щIыпIэ самоуправленэм и Прохладнэ кьалэ округым и щIыпIэ Советым егъэхьын.

4. Мы Унафэм кьару егъуэт ар кьыщащта махуэм щыщIэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм гъатхэпэм и 20-м
№1363-II-П

Лэскэн муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьулыкъым ягъэувынур кьыхэхьныжьмкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэжьыну комиссэм хэтхэр гъбелджьылым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм щIыпIэ самоуправленэ кьыщызэгъэпэщыныжьмкIэ псоми яхуэгъэзэ хабзэхэм я IуэхуэкIэ» Федеральнэ законым и 37-нэ статьям и 5-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымунафэ ещI:

1. Лэскэн муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьулыкъым ягъэувынур кьыхэхьныжьмкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэжьыну комиссэм хэтхэр гъбелджьылым:

Власов Александр Алексей и кьуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1ым и кьуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм кьэрал кьулыкъым, кадрхэм, щIыпIэ самоуправленэм я IуэхуэхмкIэ и управленэм и унафэщIыр

Къуэшырокъуэ Залым Къэрщей и кьуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1ым и кьуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ суд органхэмрэ щIыIэр.

Мэремыкьуэ Арсен Iэмин и кьуэр – Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр, «Мэкъумэщ хозяйствэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-кьхэутакIуэ институт» кьэрал Iуэхущ1апIэм и унафэщIыр

2. Кьару имыIэжу къэлытэн «Лэскэн муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьулыкъым ягъэувынур кьыхэхьныжьмкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэжьыну комиссэм хэтхэр гъбелджьылым теухуауэ №900-II-П-м.

3. Мы Унафэр Лэскэн муниципальнэ районым и щIыпIэ самоуправленэм и Советым хуегъэхьын.

4. Мы Унафэм кьару егъуэт ар кьыщащта махуэм щыщIэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм гъатхэпэм и 20-м
№1366-II-П

Бахьсэн муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьулыкъым ягъэувынур кьыхэхьныжьмкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэжьыну комиссэм хэтхэр гъбелджьылым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм щIыпIэ самоуправленэ кьыщызэгъэпэщыныжьмкIэ псоми яхуэгъэзэ хабзэхэм я IуэхуэкIэ» Федеральнэ законым и 37-нэ статьям и 5-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымунафэ ещI:

1. Бахьсэн муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьулыкъым ягъэувынур кьыхэхьныжьмкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэжьыну комиссэм хэтхэр гъбелджьылым:

Власов Александр Алексей и кьуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1ым и кьуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм кьэрал кьулыкъым, кадрхэм, щIыпIэ самоуправленэм я IуэхуэхмкIэ и управленэм и унафэщIыр

Къуэшырокъуэ Залым Къэрщей и кьуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ суд органхэмрэ щIыIэр.

Мэремыкьуэ Сэфарбий Хьбас и кьуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпныжьмкIэ и комитетым и унафэщIым и кьуэдзэр

2. Кьару имыIэжу къэлытэн «Бахьсэн муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьулыкъым ягъэувынур кьыхэхьныжьмкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэжьыну комиссэм хэтхэр гъбелджьылым теухуауэ №852-II-П-м.

3. Мы Унафэр Бахьсэн муниципальнэ районым и щIыпIэ самоуправленэм и Советым егъэхьын.

4. Мы Унафэм кьару егъуэт ар кьыщащта махуэм щыщIэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм гъатхэпэм и 20-м
№1364-II-П

Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьулыкъым ягъэувынур кьыхэхьныжьмкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэжьыну комиссэм хэтхэр гъбелджьылым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм щIыпIэ самоуправленэ кьыщызэгъэпэщыныжьмкIэ псоми яхуэгъэзэ хабзэхэм я IуэхуэкIэ» Федеральнэ законым и 37-нэ статьям и 5-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымунафэ ещI:

1. Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьулыкъым ягъэувынур кьыхэхьныжьмкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэжьыну комиссэм хэтхэр гъбелджьылым:

Власов Александр Алексей и кьуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1ым и кьуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм кьэрал кьулыкъым, кадрхэм, щIыпIэ самоуправленэм я IуэхуэхмкIэ и управленэм и унафэщIыр

Къуэшырокъуэ Залым Къэрщей и кьуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ суд органхэмрэ щIыIэр.

Тюбеев Альберт Исхьакъ и кьуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр

2. Кьару имыIэжу къэлытэн «Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьулыкъым ягъэувынур кьыхэхьныжьмкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэжьыну комиссэм хэтхэр гъбелджьылым и IуэхуэкIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2006 гъэм бадзэуэгъуэм и 12-м кьыщта Унафэ № 899-м - ПП-м.

3. Мы Унафэр Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ самоуправленэм и Советым дежь егъэхьын.

4. Мы Унафэм кьару егъуэт ар кьыщащта махуэм щыщIэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм гъатхэпэм и 20-м
№ 1365-II-П

УРЫСЕЙ Федерацэм кIуэ пэтми зыщIеужь демократием. Абыхьа сэбэп кьэкIуэ УФ-м и Конституцэр, кьэралым и хабзэ (закон) нэхъыщIхьэхэр, хэхьныгъэхэм, референдумхэм, цIыхубэ хъыбарегъащIэм и Iэнатlэхэм, политикэ партхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, уэчылгъэхэм, жылагъуэ палатэм, я гъуэщIхэмэ ятеухуахэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрми щыгъэрыпытгъуэ апхуэдэ хабзэхэм я шыфэлIыфрхэр, граждан обществэ кьызэгъэпэщыныгъэ хуэмэтIауэ къэралгъэ лэжьыгъэ-рэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм-рэ купщIафIэу зэрызэдэлажьэр, социально-экономикэ, IуэпIкъ зэхущытыкIэхэр зэрефIакIуэр.

Iуэхуэгъуэ щхьэпэхэм ящыщу гъэ кIуам, Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысейм зэрыхьыхьэрэ илъэс 450 щрикъуэ ильэсым, ди щIыналъэм щыIэ зэрыхьуар цыхум и хунтыныгъэхэр хъумэным телажьэ лIыкIуэ, щIыналъэм и зыужьныгъэм сыт и лъэныкъуэкIи хэлыдфыхьынкIи и пщIыгъуэ. Гу зылъытапхъэщ а илъэсыр лъэныкъуэ къэдкIэ ди республикэм зэрыхъуэгурлар, промышленностым кьыщIигъэкI продукцэми, мэкъумэщым хьеру кьыпэкIуэми, цIыхухэм я гукъэджми хэпщIыкIыу зэрыхэхъуар.

Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, Урысей Федерацэм и щIыналъэ дэтхэнэми хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрми щыкъуэщI мыхъужьмащIэ зэмылIужьныгъэхэр. Нэхъ дызыгъэпIейтей Iуэхуэгъуэхэм ящыщщI жьы хьуахэм ящыщ къудыр зэрыкъулейсыжьыр, щIалэгъуалэм дахэ-дахэу пэжьлапIэ зэримыIэр, хабзэнщIагъэ зыпэжьхьэр псэупIэ-комунальнэ системэми, зышIыналъэр хъумэным пыщIа Iуэхущ1апIхэми, еджагIэ щхьэхуэхэм зэрыщыпIэр, кьулыкъуэхьэ Iэджэм я кьаланхэр хьэлэлу дзэмыгъэзащIэр.

Абы и щыхьэтщ ди Iуэхущ1апIэр щIэхьэщIхьэуэ дызыхьэпIа тхьэусыхафэхэр. Зэман кIщым (мазихым) кьрифыбдзу дэ кьыдахьэIлащ цIыхухэм я гулыкIуэгъуэу зыкъом. Абыхьэм ящыщщ судхэм унафэ мытегъэм кьыщащтэ кIэзыхьэрыр, лэжьыгъэ Iэнатlэхэм щыIэ ныкъуэсаныгъэхэр, псэукIэм пыщIа гупсысхэр.

ШIэджькIакIуэхэр щыгъуазэ фыхуэсщIыну сыхьейщ ди лжьныгъэм и унэтIныгъэ нэхъыщIхьэхэм. Аэр зыкъуэкIуэжьыр цIыхухэм я хунтыныгъэ зэмылIэужьныгъэ. Мыхьэнэшхэр зиIэ а кьаIэн гупсысэр гуоо псэкIи зэрыдгъэзэщIэным догупсыс, лэжьапIхьэхэр зэхьыдолъхьэ, Iуэхуэгъуэ щхьэпэхэр зэрытухэзэфIэкIкIэ зэфIедогъэкI.

Псалъэм папщIэ, ди Iуэхущ1апIэм хэлъхьэныгъэ хущIащ политикэ залымыгъэм ихьахэм я электроннэ фэеплъ тхыльгъэхьэзыбыным. А тхылымкIэ дунеим кьытехьащ пщIэ кIуам, куэдми гунэс ящыхъащ. А Iуэхум зэрегугъуэм папщIэ Лафыщ1 Н., Хьэщэ А., Хьэпэ Э. сымэ фIыщIэ кьахуищIащ. ЦIыхум и хунтыныгъэхэр хъумэным ныкъуэ зэрыгъэнымкIэ УФ-м и лIыкIуэ Лукин В.

Ди лэжьыгъэм хэттхьахапхъэ жэрдэмхэм, Iэмалхэм дыщIыхьагъэджам Москва, Сочи кьалэхэм. Налшык кьаIуэрэ чеиджэщ хьарзынэхэр кьыдитащ Санкт-Петербург щыпсэу еджагIэ щхьэхуэ, правозащитник цIэрыIуэ Аракелян А.

ЖыпIэнуракъэ, ди лэжьыгъэм пыщIа япэрей гугъуехьхэр ящыэдэжкIауэ кьыдолытэщ. Абы дыбыщIынкъым мыытыкIэ нэхъыфIу зыкьыштщIигъэкъуэну КъБР-м и Правительствэм дызэрыщыгугъри.

Сэ тхылъым кьызэрыхэщащи, Iуэхугъуэ зыбжанэ мэхъу щIыхуэхэм я мыарэзыныгъэхэр нэхъыбзэу кьызыхэкIэр. Абыхэм нэхъ пыухыкIауэ зыкьытеувыIыну сфIэнтыуащ.

Япэрауэ, сыкьытеувыIэнщ цIыхухэм я судыр щащIэкIэ, тезыр щытеращIыхьэкI, тутнакъэщхьэм щагъакIуэкIэ я хунтыныгъэхэм щебакъуэ, дахэ-даэу кьыщамычыгъэ хэмэн-зэманкIэ кьызэрыхьым.

Псом хуэмыдэу судыщIхэхэр я Iуэхум гъэмэу зэрыбгъэдэмытыр хэIущIыкI кьохьу «цIыху цIыкIуэм» я ныкъуэкъуэкIуэгъуэ и нафэщIыныгъэ.

Уголовнэ Iуэхуэр щыхьэхгъэкIкIэ следователхэм, жабзхьумэхэм къуанщагъэ щалэжь кьохьу. Ди жэрдэмкIэ прокуратурэр хэпIыщ апхуэдэ кьэхуэгъуэ ящыщ зым. Бедджьыны кьэхуащ милиционерхэм ящыщ гъэрхэм кьрадат хабзэр зэрамытэзащIэр, абыхэм я Iэужь мыхъумщIым кьыхэкIыну жэуап зэрахьыпхъэр.

ЕтIуанэрауэ, цIыхухэр фIыуэ щыгъуазэкъым кьэрал хабзэм. Абы ныкъэкIыу и чэзум екIуалIэркъым кьэрал, суд органхэм, юристым и дэIепыкIуэныгъэ нэсу ягъэупрыкъым. Хабзэм пыщIа IуэхуэхмкIэ щIэныгъэ куу яIэжьым, уебIэмэ унафэщIхэми, кьулыкъэхьэ Iэджэми. Шэч хэмыльу, цIыхум и хунтыныгъэхэр джьным, зэгъэщIэнным теухуауэ республикэ программэ диIэн хуейщ. Абы Iуэхугъуэ кьэд кьызэщIебгъэубыдэ хъунущ. Псалъэм папщIэ, еджагIэуэхэр хэшапхъэщ хабзэхэр нэхъыфIу зыщIэхэр зэхэтэжьныным, нэхъри пэгъушхуэным пыщIа зэхуэхэм, зэпеуэ, зэхьэзэхуэ зэмылIужьныгъэхэм.

Ещанэрэауэ, гупытэ хэха зыхуэщIыпхъэщ лIыжь-фызыжьхэм, зеиншэхэм, ныкъуэдыкъуэхэм ятыIэбзыр. Абы и пэнныкъуэкIи ди республикэм Iуэхугъуэфl зыкъоми щалэжь. Ауэ, дауи ирехъу, кьэдыдэзэныкъуэгъуэнщу кьоно.

Зэрыгугъуэ ящыщ лIыжь хьуа, зыншагъэ зимыIэ цIыхухэм хьуэзфэкIыркъым Iуэхущ1апIэ кьэд кьыдзэкIухьыну. Абы и лъэныкъуэкIэ гуфIэхъ Iэджэ IыпIэ ди кьэралым и щIыпIэ Iуэхым. Абы теухуауэ УФ-м и Президент Путин В. В. иджыблагъэ мыпхуэдэу жиIэ-пыщ: «Жыы хьуахэм ящыщ дэтхэнэми, езыр кьэкIуэным дыдэмыпытпэу, дыщIэупщIэн, зыхуей-зыхуэфIэхэр зэдгъэщIэн, дыдэзэпыкIыным хуейщ, чэзу нкъэм хэдмыгъэтэу».

А псалъэзэр дерс яхуэхъупхъэщ унафэщIхэми, цIыхуфэ депутатхэми, кьулыкъэхьэ дэтхэнэми.

Елланэрауэ, хэти ещIэ ди кьэралым и Конституцэм цIыху псоми фэтэр е уиз яIэн хуейуэ кьызэригъэзыкыр. Ауэ хэт жиIэфыну а кьаIэм ныкъэзэщу ди щIыналъэм гъэзэщIа щыхьуу? ЩIыхъуркъым. МащIэщ псэупIэ уиву жылагъуэхэм (псом хуэмыдэу кьаIэхэм) щаухуэр. ПсэупIэ хуэныкъуэхэм я чэзури кIуэ-тэгъуэщI.

Щапхъэхэр гъунэжщ, дэтхэнэ зыри гуузу . Кьэтщтэнщ Налшык щыпсэу, пенсэ зрат С. зыхагъэт гуГьуехьхэр. Кьхаэх хьуа я нэхъ зэхахьутэну щыгъэкIуэжьхьэм, С. кьэгъугуат фэтэр зэпэщ кьыIыгъэсыну. Ауэ кьыхуэгъэфащэущIипсэу мыхъуэп пэщ закъуэщ. АбыкIэ мыарэзыуэ С. щытхъэусыхэм, судым унафэ ищIащ абы и хунтыныгъэхэр кьаIэ administрацэм кьызэпидункIэ Iэмал имыIэу, пэшитI хьуэ фэтэр кьриптыпхъэу. А унафэм кьару игъэтащ 2006 гъэм и фокIадэ маазм. Ауэ нобэр кьыздэсым С. щопсэу ныкъуэкъуэ ящIа, электричествэ, хуабэ, псы здэмыкIуэж уэ кхъахэм.

С. и тхъэусыхафэм дыхэпIъэрн, Налшык къалэ administрацэмрэ суд приставхэм я Iуэхущ1апIэмрэ тхыгъэкIэ захуэдгъэзащ цIыхум и хунтыныгъэр хъумэным хуэфащэ пщIы хуэщIын, кIыхьIыхь ящIа Iуэхур икIэм-икIэжьым ягъэзэкIуэжьын зэрыхуейм теухуауэ, Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, абыхэм зэкIэ жэуап гуэри кьыдатыжажьым.

Унафэ щхьэпэ куэд щыIэщ сабий зеиншэхэр, ныкъуэдыкъуэхэр зыхуей хуэгъэзэным теухуауэ. 2004 гъэм адэ-анэ зимыIэж сабийхэм фэтэрэкIэ ядэIэпыкъуныем ахъшэу сом мелуниторIэ ныкъуэрэ трагъэкIуэдну унафэ щыIащ. А Iуэхум хатхьэфар мелуан ныкъуэ кьыдейрщ. КъыкIэтыкIуэ ильэсхэм сабий зеиншэхэм папщIэ республикэм и бюджетым зы хуэмышIу, кIыхьIыхь ящIа Iуэхур икIэм-икIэжьым ягъэзэкIуэжьын зэрыхуейм теухуауэ, Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, абыхэм зэкIэ жэуап гуэри кьыдатыжажьым.

Унафэ щхьэпэ куэд щыIэщ сабий зеиншэхэр, ныкъуэдыкъуэхэр зыхуей хуэгъэзэным теухуауэ. 2004 гъэм адэ-анэ зимыIэж сабийхэм фэтэрэкIэ ядэIэпыкъуныем ахъшэу сом мелуниторIэ ныкъуэрэ трагъэкIуэдну унафэ щыIащ. А Iуэхум хатхьэфар мелуан ныкъуэ кьыдейрщ. КъыкIэтыкIуэ ильэсхэм сабий зеиншэхэм папщIэ республикэм и бюджетым зы хуэмышIу, кIыхьIыхь ящIа Iуэхур икIэм-икIэжьым ягъэзэкIуэжьын зэрыхуейм теухуауэ, Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, абыхэм зэкIэ жэуап гуэри кьыдатыжажьым.

Ильэс кьэс хохьуэ сабий мыхъэнпIэхэм, дзэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэм, я бжьыгъэр. «Сенаторэ-мэз еджапIэ» жьхуэIэм хуэдэу ди республикэм итыр зы закъуэщ. Абы щIэпIыскъэфыр сабий мыхъэнщIэхэм я IыхьэщIанэ кьудейрщ.

Iуэхур нэхъри ельахъэ а сабийхэр езыгъэжьажьын Iэщапейкэри зырымащIэм, апхуэдэ ерыджакIуэхэр КъБКъУ-м зэримыгъэхьэзырым.

Нэхьыбэу цIыхухэр зыгъэпейтейр, зытепсэлъыхьыр, абыхэм я мыарэзыныгъэр нэхъри зыгъэбагъэр узынщагъэр хъумэным хэтъ ныкъуэсаныгъэхэрэр, Iэ епIыгъэкIэ, Iуэхуэхэр тэмэму гъэпсэ хуэдэщ цIыхухэм пщIэ щIамыту Iуэхутхьэбзэхэр кьыщыхуащIэ медицинэ Iуэхущ1апIэхэм. Ауэ а Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъыр щагъэхьэными, куэдым нэхъ кьащтэ пщIэ щыIах поликлиникэхэм, сменаджещхэм зыщагъэхъуэныныр. Кьуажьдэхэм дахэ-дахэу ягъэутыкыным пщIэ щIатуи Iуэхугъуэбзэ кьахуэзыщIэфыну Iэщ1агъэпIэхэр, Тхъэусыхафэ куэд яIэщ лIыжь-фызыжьхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, зыхуеину хущIыхуэхэр ирикIуу кьаэзрыIэныныкъуэхэм.

Ныкъуэсаныгъэ хэтъ кьыщIащIыкIа ныкъуэдыкъуэхэр зыхэтыпхъэ гупхэр убзыхуным пыщIа гъжьыгъэхэми. Абы щыхьэт тохьуэ УФ-м и Президентым зэрыщIэкIэ, занщIэкIэ ятеухуанэм кьыщыщыпсатым щыгъуэ ди республикэм щыщ гуэрхэр абы зэрыхэтхэусыхар, медико-социальнэ экспертизэ щащI бюром и гъжьыгъэмкIэ мыарэзыуэ. КьыззэрыщIэкIамкIэ, зи гугъу тщIа Iуэхущ1апIэракъым кьуанщагъэр нэхъыбэу зыбгъэдэлажь. Кьэралым щыIэкIэ хабзэхэр зэIумыбзащ, Iэщ1агъэпIхэм щыуагъэхэр я ешIокI, ныкъуэдыкъуэхэр зэрыхъхьапхъэ гупыр щаубзыхуэ.

Дэ кьыззэрытытэмкIэ, КъБР-м и Парламентым е Правительствэм а Iуэхур кьыщащIэтыпхъэщ федеральнэ медицинэ Iуэхущ1апIэхэм я деж.

Зи гугъу тщIахэм кьадэкIуэу, дыхуейщ мы тхыгъэм кьыхэдгъэщIну медицинэ Iуэхущ1апIэхэм зэмыкIуэ зэманым ехьуIэныгъэ гуэрэхэри кьыззэрахьар. Нэрылъагъуэу кьагъэщIэрэщIэжащ сымаджэщIэр, поликлиникэхэр, амбулаторэхэр. Абыхэм иджырей Iэмэпсымэу зыкъом щагъэуващ. Ауэ а псоми щIахьымэзфыркъым кьэдгъэхъэгъуэ ныкъуэсаныгъэхэр.

ЦIыхухэм я тхъэусыхафэхэр кьэзыIыбгъэ Iуэхуэхэм ящIыщ УФ-м и гражданствэр зиIэну хуейхэр зыIууэ лъэпощхъэпохэрэ зэрыщыIэр. Кьохьу, псалъэм папщIэ, ди республикэм и цIыхуэхэр, цIхьэусыгъуэ гуэрхэм кьыхэкIыу СНГ-м хэт кьаралхэм хэман зыбжанэкIэ щыпсэуамэ, Урысейм и гражданствэр кьрамытыжырэ куэдрэ гугъу щрагъэхь, щагъэгуэзэ. Абы и щхьэусыгъуэр зи гугъу тщIы Iуэхуэ теухуа кьэрал хабзэхэр тэмэм дыдэу зэтеухуа зэрымыхъуарщ. Сыт абы кьэрикIуэр? ЦIыхухэм куэдрэ яIэныгъэкIыкIэ псэупIэ унэ, лэжьапIэ, пенсэ хуэдэхэр. Ар мыгъуатэшхуэщ. Тэмэму лэжьыну хущIокIыу Iэпхъуэщапхъуэхэм я Iуэхущ1апIэу ди республикэм щыIэм и Iэщ1агъэпIхэр. Ауэ зи гугъу тщIа мыхъумыщIагъэр кьыщIежьэр абыхэм я деж кьым, федеральнэ властхэрщ.

ЦIыхуэхэр арэзы тесыгъэкъым политикэ залымыгъэ зыIутэ Iэсуаэу нужькIэ зи хунтыныгъэхэр зэфIагъэувжьахэм мыпхъуу иратыжыр зэрымащIэми. Тхъэусыхафэ зыкъомым дыхэпIъэщ, Iуэхур къэзыIутхъэхэр дыдубзыхури, УФ-м и ЦIыхум и хунтыныгъэхэр хъумэным телажь и Iуэхущ1апIэ нэхъыщIхэм зэтеуцуагъэ Лукин В. П. тхыгъэ хуэдгъэхьащ, кьэралым и хабзэ яныныкъуэхэм зэхъуэжкIыныгъэ зэхъуэжьыкIыныгъэ хуэмыдэу, Ди гуапэ хъуащ ди Iуэху епIыкIэм Лукин В. П. арэзы зэрытехьар, УФ-м и Правительствэм ди жэрдэмыр щыпсэуну зэрыхущIэкъуэр. ИкIуэкIэ тэмэмт икIи зи чэзут ди республикэм и Парламентри кьытхъэувэзу, зи гугъу тщIы Iуэхур Iуэрад Думэм кьыдилытэрщ.

